



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LONG ISLAND RAIL ROAD DEPASE YON MILYON KLIYAN NAN GRAND CENTRAL MADISON

Kantite pasaje nan epòk pandemi an konwenside ak ouvèti dezyèm Tèminal Manhattan lan

Ponktyalite te grenpe pi wo pase 93 pousan apre amelyorasyon orè yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) te depase yon milyon kliyan ki peye k ap vwayaje nan oswa soti nan Grand Central Madison Terminal, ki te ouvri ak sèvis konplè nan dat 27 fevriye a. Yo te depase etap enpòtan an vandredi 7 avril la. Anplis de sa a, LIRR te anonse plizyè rekò pasaje nan epòk pandemi yo ki te reyalize depi lè Grand Central Madison te ouvri pou sèvis konplè a. Alafwa nan samdi 8 avril ak dimanch 9 avril la, wout way la te pote yon kantite pasaje rekò nan wikenn nan epòk pandemi pandan Nouyòkè yo te itilize transpò piblik pou deplase pandan wikenn fèt la - 108,740 kliyan t ap vwayaje samdi ak 98,030 t ap vwayaje dimanch. Nan madi 21 mas, te gen 213,026 kliyan ki te pran LIRR, sa ki te depase rekò anvan epòk pandemi an depi novanm 2022.

"Nou te fè investisman istorik nan transpò piblik la nan Long Island, sa ki rann li pi fasil pou konekte pasaje yo atravè rejyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak milonyèm pasaje k ap vwayaje atravè Grand Central Madison kèk mwa apre ouvèti tèminal la, sa montre jan sèvis sa a te deja vin esansyèl pou Nouyòkè nan yon ti tan sèlman."

LIRR te anonse tou plizyè etap enpòtan yo te reyalize depi ouvèti Grand Central Madison lan. Mas sa a, LIRR te vann 358,609 Tikè Vil - ki bay vwayaj nan Vil New York nan miman ki pa chaje yo pou 5 dola - yon ogmantasyon 118.5 pousan pa rapò ak mwa mas anvan an. Tikè Konbine a, yon opòtinite pou kliyan yo achte tikè ki bay rabè lè y ap vwayaje alafwa sou LIRR la ak Wout Ray Metro-North la nan menm vwayaj ki te posib gras ak ouvèti Grand Central Madison, ke plis pase 4,000 kliyan te itilize depi lansman li. Jiska 18 avril 2023, 15,503 tren LIRR te rive oswa te soti nan Grand Central Madison. Aplikasyon popilè TrainTime MTA a te achte plis pase 370,000 tikè pou vwayaj pou ale oswa pou soti nan Grand Central Madison.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Yon milyon kliyan reprezante yon etap enpòtan nan deplwaman Grand Central Madison. Plizyè

dizèn milye Nouyòkè deja wè lavi yo amelyore depi lè GCM te ouvri - kèk nan koneksyon ki pi pratik ak lopital ki gen renome mondyal yo, lòt moun nan vwayaj nan sans envès pou premye fwa k ap konekte rezidan vil yo ak travay nan Long Island, ak lòt ankò ki jis ekonomize jiska 40 minit nan vwayaj yo chak jou. Ti pa ti pa, Grand Central Madison ap transfòme fondamantalman tisi New York la."

Prezidan Pwovizwa LIRR lan ak Prezidan Wout Ray Metro-North lan, Catherine Rinaldi, te deklare, "Ouvèti sèvis konplè nan Grand Central Madison ap pèmèt koneksyon ki pa janm wè anvan an pandan l ap pèmèt tou ogmantasyon jenerasyon nan sèvis la. Jan nou te pwomèt la, nou te koute kliyan nou yo ak amelyore sèvis yo pou pi byen satisfè bezwen yo. Avèk chanjman nou te fè yo, nou te redwi dramatikman reta ak anbouteyaj, epi kliyan yo te reponn lè yo pran tren an nan kantite rekò nan nivo epòk pandemi an."

Direktè Pwovizwa Sèvis Kliyan MTA, Shanifah Rieara, te deklare, "Avantaj Grand Central Madison yo klè: plizyè dizèn milye kliyan ki gen vwayaj ki pi kout ak ekspansyon nan sèvis yo, espesyalman pou kliyan nan moman ki pa chaje yo ak sa yo ki vwayaje nan sans envès. Nou te di premye jou ke li ta pran tan pou ajiste nouvo tèminal sa a, epi ak opinyon kliyan LIRR yo, n ap fè egzakteman sa, nan amelyore orè yo ak amelyore oryantasyon nan nouvo estasyon an. Pandan nou pa ka tann plizyè milyon lòt vwayaj k ap vini nan Grand Central Madison, mwen ankouraje kliyan yo kontinye pataje opinyon yo, sa ede nou fè eksperyans yo pi byen."

Nan semèn ki sot pase yo, yo te prezante ajisteman orè yo ak tren ki alonje, sa k ap ogmante konfò ak fyabilite, ak ranfòse ponktyalite pi wo pase 93.5 pousan. Depi 27 fevriye, LIRR a depase 200,000 pasaje nan 16 jou, yon sèy ke wout ray la te sèlman travèse de fwa pandan premye 57 jou 2023 yo. Pandan sèt jou ant 9 avril ak 15 avril, LIRR te pote yon mwayèn 168,726 kliyan chak jou, pi bon sèt jou an mwayèn depi mas 2020. Pi gwo kantite pasaje chak jou nan Grand Central Madison te fèt nan madi 11 avril, ak apeprè 32,060 kliyan ki t ap vwayaje antre ak soti nan nouvo tèminal Manhattan lan.

Pou make etap enpòtan nan yon milyon vwayaj yo te depase, LIRR la te akeyi de kliyan Grand Central Madison pou yo rantre nan selebrasyon an: Ray Ragunauth ak Karen Hamilton. Ragunauth se yon terapis fizik ak rezidan Long Island, ki te kapab pouswiv nouvo opòtinite karyè nan East Side nan Manhattan gras a vwayaj ki pi kout ke Grand Central Madison te pwovoke. Hamilton se yon rezidan nan Laurelton, Queens, ki te benefisye alafwa entwodiksyon sèvis pi souvan nan estasyon yo nan Queens ak ouvèti Grand Central Madison, kote li te vwayaje souvan ak manman li nan randevou medikal nan NYU Langone Health.

Prezidan Konsèy Itilizatè LIRR la ak Komite Konsiltatif Sitwayen Pèmanan pou MTA ak Manm Konsèy MTA, Gerard Bringmann, te deklare, "1,000,000 vwayaj Grand Central Madison se yon etap enpòtan pou pasaje yo ak LIRR. Nan kèk mwa depi lè nouvo sèvis LIRR la te kòmanse, Grand Central Madison deja ouvri nouvo opsyon vwayaj ak amelyorasyon pou plizyè dizèn milye pasaje LIRR chak jou ki kounye a gen

aksè dirèk ak vwayaj ki pi kout nan East Side la. Nou kontan wè ke MTA a ap kontinye reponn ak opinyon pasaje yo atravè ajisteman kontinyèl, dènyèmman lendi 17 Avril sa a, epi nou pa ka tann pou wè plis pasaje pwofite nouvo sèvis la nan mwa k ap vini yo. Grand Central Madison se vrèman yon senbòl yon sistèm transpò ki pi inifye ak entegre ak alafwa wout ray ak Metwo anba yon twati!"

Manm Asanble Charles Lavine te deklare, "Etap enpòtan sa a se yon rapèl sou fason estasyon Grand Central Madison la ap rann lavi pi pratik pou moun Long Island yo k ap chèche jwenn aksè nan bò lès Manhattan lan. Wout ray la se yon sèvis esansyèl epi mwen pral kontinye travay ak patnè mwen yo nan MTA a ki egalman angaje nan fè amelyorasyon nan sèvis kèlkeswa kote yo bezwen li."

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Se yon lòt etap enpòtan istorik pou MTA pandan n ap selebre plis pase yon milyon kliyan k ap vwayaje pou ale ak soti nan Long Island nan Grand Central Terminal la. Bay rezidan Long Island yo kapasite pou yo rive nan Grand Central Station lan se vrèman yon faktè ki chanje jwèt la pou rejyon nou an. Enfen li bay plizyè milyon kliyan anplis ak siksè pou Eta New York ki gras ak jwayo achitektirèl ak transpò a ki se Grand Central Station."

Karen Hamilton, Rezidan nan Sidès Queens, te deklare, "Sa gen kèk mwa, manman m te gen yon randevou doktè a 7:30 nan maten epi mwen te kapab di avèk konfyans 'pran randevou sa a' paske mwen te konnen nou te kapab pran yon vwayaj nan yon sèl syèz pou ale Grand Central epi biwo doktè a jis nan 41st Street ant Dezyèm lan ak Twazyèm lan, epi mwen te konnen ke ou ta ka jis mache la tramkilman. Li kapab ale nan tout randevou doktè li a nan NYU Langone ak yon vwayaj nan yon sèl syèj epi ak jis yon ti mache. Kidonk, sa vrèman chanje vwayaj li ak kapasite li pou jwenn aksè ak swen li bezwen an nenpòt ki lè."

Kliyan LIRR la, Ray Ragunauth, te deklare, "Pandan 2020 mwen menm ak madanm mwen te deside kite vil la pou nou ale Long Island pou nou jwenn yon kay deyò, men kè m te toujou fè pati vil la. Epi nan sis dènye mwa yo mwen te gen yon okazyon pou nou travay an retou nan Upper East Side nan yon lopital laba a. Epi, yon fwa ke madanm mwen ki te deja vwayaje nan Upper East Side te kòmanse sèvi ak Liy Grand Central la, vwayaj li yo te redwi nan anviwon 20-30 minit epi li te vin yon evidan pou m tounen nan vil la epi pou mwen nan yon vil ke mwen renmen."

###